

## **DAMEL MEDIA PASINAON MAOS UKARA MAWI AKSARA JAWA KANTHI BASIS WEB TUMRAP SISWA VIII SMP**

**Ines Ika Saputri  
11205244015**

### **Sarining Panaliten**

Ancasing panaliten inggih menika ngandharaken cara mujudaken *media web* kangge nyengkuyung pasinaon maos ukara mawi aksara Jawa tumrap siswa SMP kelas VIII, ngandharaken *validasi media* pasinaon dening *dosen ahli materi* saha *dosen ahli media*, ngandharaken pamanggih saking guru saha siswa SMP kelas VIII ngengingi *media web* kanthi *materi* maos ukara mawi aksara Jawa.

Panaliten menika kalebet panaliten *Research and Development*. Prosedur ingkang dipuntindakaken ing panaliten inggih menika *analysis, design, development, implementation, saha evaluation*. Data ingkang dipunpendhet mawi *angket* dipun-analisis kanthi *deskriptif*.

Adhedhasar *validasi media* saha *uji coba*, biji saking *dosen ahli materi* pikantuk *persentase* 88% ingkang kagolong sae sanget, biji saking *dosen ahli media* pikantuk *persentase* 80% ingkang kagolong sae. Wondene biji saking guru basa Jawi SMP N 4 Wates pikantuk *persentase* 94% ingkang kagolong sae sanget, sarta biji saking siswa kelas VIII pikantuk *persentase* 88,8% ingkang kagolong sarujuk sanget. Asiling panaliten nedahaken bilih media *aplikasi* menika saged dipunginakaken kangge sinau kanthi *mandiri* wonten pundi kemawon.

**Pamijining tembung:** web, maos, aksara Jawa

### **Abstract**

*The purposes of this research is to describes how to make an educational web-based reading Javanese script learning media for grade VIII Junior High School students, describes about educational media validation by material expert lecturers and media expert lecturers, and also describes about students and teacher's opinion about web-based media.*

*This study is type of research and development. The procedures that has been done in this research is analysis, design, development, implementation, and evaluation. The data has been taken using question form is analyzed by descriptive method.*

*Based on validation and implementation of media that has been done, the research result showed that product assessment by material expert lecturers got a percentage of 88% that classified as very good and the assessment by media expert lecturers got a percentage 80% that classified as good. While the product assessment by Negeri 4 Wates Junior High School's javanesse teacher got a precentage 94% that classified as very good, and the assessment by VIII Junior High School's students got a precentage 88,8% that classified as very agree. The research results showed that the application can be used to learn everywhere independently.*

**Keywords:** *web-based, reading, Javanese Script*

## A. PURWAKA

Wonten ing pasinaon basa Jawi gadhah 4 ketrampilan ingkang kedah dipunsinau, inggih menika nyemak, micara, maos, saha nyerat. Maos minangka salah satunggaling ketrampilan ingkang kedah dipunkuwaosi dening siswa wonten ing pasinaon basa Jawi. Salah satunggaling *materi* maos ingkang dipunsinau dening siswa inggih menika maos ukara mawi aksara Jawa. *Materi* aksara Jawa dipunlebetaken wonten *ing Kurikulum 2013 Sekolah Menengah Pertama (SMP)* kanthi KD membaca atau menulis kalimat beraksara Jawa. Wondene indikatoripun :

1. Membaca kalimat yang ditulis menggunakan aksara Jawa.
2. Mentransliterasi kalimat beraksara Jawa menjadi aksara Latin.

Kawontenan wonten ing sekolahbab pasinaon maos ukara mawi aksara Jawa gadhah pepalang. Setunggal, miturut pangandikanipun Ibu Bety Mahara Setyawati, S.Pd. minangka guru basa Jawi wonten ing SMP N 4 Wates kahananipun siswa menika kirang nguwaosi aksara Jawa. Kaping kalih, miturut siswa kelas 8F inggih menika Rizky Nanda aksara Jawa menika awrat, kirang narik kawigatosan saha kina. Guru ingkang ngasta awrat anggenipun damel *media* pasinaon kange narik kawigatosan siswa mliginipun ingkang berbasis *web* utawi utawi *IT*.

Kamangka wonten ing saperangan SMP sampun gadhah *laboratorium* basa, *laboratorium komputer* saha *jaringan wifi* ingkang saged dipunginakaken guru kange *media* pasinaon. Kawontenan wonten ing sekolah, *fasilitas*

menika awis-awis dipunginakaken kange pasinaon, pramila kedah dipunangge kange ningkataken ketrampilan maos ukara mawi aksara Jawa.

Kanthi ningali bab menika pramila prelu dipundamel *media* pasinaon. Salah satunggalipun inggih menika kanthi ngginakaken *basis web*. *Web* menika kalebet *media* ingkang *praktis* saha saged dipunakeses wonten ing pundi kemawon. Kawontenan menika saged dipuntingali saking siswa ingkang ngginakaken pirantos kadosta *hp*, *laptop*, *komputer* saha *koneksi internet* kange madosi *informasi* wonten ing griya utawi sekolah. Adhedhasar kalodhangan menika panaliti nemtokaken *media web* ingkang dipundamel wonten ing panaliten menika ngginakaken aplikasi *CMS Wordpress*. *CMS Wordpress* inggih menika salah satunggaling *aplikasi* utawi *script* kanthi *basis web* ingkang saged dipunginakaken kange damel *web*. Nginstall *aplikasi* menika gampil, satemah kathah tiyang ingkang ngginakaken *aplikasi* menika. Kaluwihan sanesipun inggih menika amargi *CMS Wordpress* saged berkompetisi wonten ing *search engine*, satemah langkung gampil anggenipun pados wonten ing *internet*. *Aplikasi* menika uga *gratis* saha gadhah *sistem* ingkang sae.

Supados ngasilaken *produk* ingkang sae, panaliti kedah nggatosaken leresing *materi* saha *kualitas media* kanthi nyuwun *validasi kualitas materi* saha *media*. *Validasi* menika dipuntindakaken dening *dosen ahli materi* saha *dosen ahli media*. Kajawi menika, kange ngasilaken *media* ingkang trep kaliyan kabetahanipun guru saha siswa, panaliti nyuwun pamanggih

saking guru saha siswa ngengingi *media* pasinaon ingkang sampun dipundamel. Pamanggih-pamanggih saking siswa saha guru saged mbiyantu panaliti kangge mujudaken *media* pasinaon ingkang jumbuh kaliyan kabetahanipun siswa.

## B. GEGARAN TEORI

*Media* pasinaon salah satunggaling upiya ingkang katindakaken dening guru kangge biyantu siswanipun supados langkung gampil anggenipun sinau. Satemah wonten ing pasinaon menika guru kedah langkung *kreatif* anggenipun mucal. Kejawi menika *media* pasinaon sakmenika ugi saged dipundadosaken sarana kangge ngandharaken *ide, gagasan* utawi menapa kemawon ingkang saged dipunginaaken kangge pasinaon siswa. Pangertosan babagan *media* pasinaon menika boten kawates, menika definisi saking para *ahli*.

Miturut Arsyad (2003: 3), tembung *media* asalipun saking basa Latin *medius* ingkang tegesipun “tengah”, “perantara” utawi “pengantar”. Saklajengipun dipunandharaken bilih *media* menika tegesipun pirantos kangge ngandharaken seserepan saking tiyang ingkang nyukani seserepan dhumateng tiyang ingkang nampi seserepan. Ancasipun *media* dipundamel supados siswa saged nampi kawruh wonten ing pasinaon. Miturut Pujriyanto (2012:20) *media* pasinaon inggih menika sedaya pirantos ingkang dipunginakaken kangge ngandharaken *informasi* saha ngewrat *materi instruksional* wonten ing pasinaon, satemah saged narik kawigatosan siswa kangge sinau

Kantri pangertosan-pangertosan wonten ing inggil menika, pramila saged dipunandharaken bilih *media* inggih menika sedaya sarana utawi pirantos ingkang dipunginakaken wonten ing salebetung pasinaon supados nggampilaken siswa anggenipun mangertos menapa ingkang dipunandharaken dening guru. Siswa langkung gampil anggenipun nampi pasinaon kantri *media* ingkang dipunginakaken. Pramila *media* mbiyantu sanget proses *komunikasi* wonten ing pasinaon.

Miturut Soeparno (1980: 26-27), *media* pasinaon menika dipunperang dados pinten-pinten jinis, inggih menika.

- 1) Piranti *audio* inggih menika piranti ingkang saged ngasilaken swanten. Tuladhanipun *kaset* kaliyan *radio*
- 2) Piranti *visual* inggih menika piranti ingkang ngasilaken rupa utawi wujud, ingkang dipunmangertosi minangka piranti kangge ngandharaken *materi*. Piranti *visual* kaperang dados kalih inggih menika: a) piranti *visual* kalih *dimensi* wonten ing bidang boten *transparan*, tuladhanipun gambar wonten ing kertas, *grafis*, *diagram*, *gambar*, *poster*, lan sapanunggalanipun, b) piranti *visual* kalih *dimensi* wonten bidang ingkang *transparan*, tuladhanipun *slide*.
- 3) Piranti *audio visual* inggih menika piranti ingkang saged ngasilaken rupa kaliyan swanten wonten ing salah satunggaling unit. Tuladhanipun *film* kaliyan *televisi*.

Saking pamanggihipun babagan jinising *media* pasinaon menika,

saged dipunmangertosi bilih *media* pasinaon wonten maneka warni. Wonten ing kalodhangan menika panaliti damel *pengembangan media* pasinaon kanthi sarana *komputer*, mliginipun *basis web*. Sarana pasinaon ingkang dipundamel kalebet sarana *proyeksi visual gerak* amargi sarana menika ngemot *materi* ingkang wonten gambar saha *animasinipun*.

*Media* pasinaon kathah sanget paedahipun, kadosta ingkang dipunandharaken Levie & Lentz (1982) wonten ing Arsyad (2002:16) bilih *media* mliginipun *media visual* gadhah paedah *atensi*, paedah *afektif*, paedah *kognitif* saha paedah *kompensatoris*. Paedah *atensi* saged katingal nalika *media* saged nyengkuyung siswa supados *konsentrasi* utawi nggatosaken wonten ing *materi* pasinaon. Wondene paedah *afektif* saged katingal nalika *media* menika narik kawigatosan saha nuwuhaken greget siswa kangge sinau *materi* menika. Paedah *kognitif* saged katingal nalika siswa gampil anggenipun nalar utawi mahami *materi* saking *media* menika. Saklajengipun paedah *kompensatoris* inggih menika *media* gadhah mapinten-pinten *fasilitas* ingkang nggampilaken siswa nampi *materi* saking *media* pasinaon.

Wonten ing panaliten menika, *media* kalebet *teknologi komputer*. *Komputer* menika gadhah paedah ingkang kathah, salah satunggalipun kangge mbiyantu bab pasinaon.

Miturut Arsyad (2003: 93) *istilah* ingkang dipunginakaken kangge pasinaon ngginakaken *komputer* inggih menika:

a) *Computer Managed Instruction (CMI)* inggih menika pasinaon

ingkang ngginakaken *komputer* minangka pirantos kangge mbiyantu guru nindakaken *tugas administrasi*. *Komputer* menika dipunginakaken kangge *rekapitulasi data prestasi* siswa, *database*, buku perpustakaan saha *administrasi* wonten ing pasinaon.

b) *Computer Asisted Instruction (CAI)* inggih menika ngginakaken *komputer* kanthi langsung kaliyan siswa kangge ngandharaken wosing pasinaon, paring gladhen saha mangertos majengipun asiling sinau siswa menika. *CAI* saged dados *tutor* ingkang nggantos guru wonten ing kelas. *CAI* ugi maneka warna wujudipun gumantung *design*, tuladhanipun dolanan (*games*) *visual*, *audio*, saha sapanunggalanipun.

Pasinaon *web* tamtu mlebet wonten ing jinis *media* ingkang ngginakaken *komputer* mliginipun *Computer Asisted Instruction (CAI)*, amargi *media* kanthi *basis web* menika awujud *materi* saha dolanan *visual*. Saklajengipun pangertosan *web* miturut Janner (2006: 159) *web* inggih menika salah satunggaling *sistem* ingkang ngewrat *informasi teks*, gambar, swanten saha sapanunggalanipun. *Informasi* menika kasimpun wonten ing *internet web server* kanthi wujud *hyperteks*.

*CMS (Content Management System)* inggih menika pirantos ingkang wigatos wonten ing *web*, supados *web* menika saged lumampah kanthi *maksimal*. Salah satunggaling *CMS* ingkang sampun asring dipunginakaken inggih menika *CMS Wordpress*. Miturut Hernita (2010:5) *CMS Wordpress*

inggih menika salah satunggaling *aplikasi* utawi *script* ingkang saged dipunginakaken kangge damel *web*. *CMS* menika dipundamel kanthi basa *pemrograman PHP* saha *MySQL* ingkang misuwur sanget kangge damel *blog*. *CMS* menika ugi saged dipungrembakaken kangge damel *website*.

Miturut Enterprise, Jubile (2015: 25-35) damel *web* dipunlampahi kanthi cara damel *subdomain*. Saklajengipun nemtokaken nama *subdomain*, saksampunipun nemtokaken nama *subdomain* lajeng damel *database*. Kadosta *aplikasi CMS* sanesipun, *wordpress* ugi mbetahaken *database* wonten ing *server* supados *situs* menika saged dipunakses kanthi sae. Kanthi *nginstall XAMPP* lajeng damel *database* wonten ing *local server*, saksampunipun damel *database tahap* saklajengipun inggih menika kanthi *nginstall wordpress*. Saksampunipun *wordpress* dipuninstall, lajeng *log in* rumiyin minangka *admin*.

Wonten ing *tahap* menika, sampun dados *web* kangge *media pasinaon*, ananging *web* menika boten saged dipunakses tiyang *sanies*, pramila *web* kedah dipununduh wonten ing *server web hosting*. Saksampunipun *ndafat* wonten ing *web hosting*, lajeng *materi* dipunlebetaken wonten ing *web*. Supados langkung narik kawigatosan, *web* kedah dipunparangi *theme*. Caranipun maringi *theme* wonten ing *web* inggih menika kanthi ngginakaken *WooThemes*.

Maos ukara mawi aksara Jawa kalebet wonten ing *Kompetensi Dasar* pasinaon basa Jawa inggih menika “*membaca atau menulis*

*kalimat beraksara Jawa*”. Miturut Antunsuhono (1956: 7) ukara inggih menika reroncening tembung sawatawis, ingkang dados wedharing gagasanipun tiyang. Wujudipun ukara inggih menika katrangan, pitaken, saha sapanunggalanipun. Sedaya menika dipunserat mawi paugeran aksara Jawa.

Aksara Jawa saged ugi dipunsebut carakan utawi hanacaraka. Aksara hanacaraka inggih menika aksara ingkang dipundhapuk saking aksara kawi kangge nyerat basa Jawi enggal (Setiawan, 1988: 8). Miturut (Mulyani, 2011: 6-11) aksara Jawa ingkang pakem cacahipun 20 ingkang dipunsebut aksara nglegena.

## C. CARA PANALITEN

Panaliten menika kalebet panaliten ingkang jinisipun *Research and Development (R&D)*. Panaliten menika ngginakaken *metode deskriptif prosedural*. Wondene Mulyatiningsih (2011: 183) ngandharaken lampah-lampah utawi *prosedur* ingkang dipuntindakaken wonten ing panaliten *R&D*. Panaliten menika dipuntindakaken adhedhasar *prosedur* menika kaperang saking 5 *tataran*.

*Tataran* kaping setunggal inggih menika *tataran analisis (analysis)*. *Tataran* menika dipunlampahi sakderengipun damel *media pasinaon*. Panaliti nindakaken *analisis* kanthi maos *Kompetensi Inti (KI)* saha *Kompetensi Dasar (KD)*. Kajawi menika, panaliti nindakaken *analisis lapangan* kangge mangertosi kabetahan sekolah tumrap *media pasinaon* maos ukara mawi aksara Jawa.

Kangge njangkepi *data analisis karakter* siswa, saksampunipun *observasi* dipunlajengaken *wawancara*.

Tataran saklajengipun inggih menika *tataran design*. Tataran menika dipunlampahi kanthi ngempalaken materi piwulang saha *desain* pambiji. Lajeng, panaliti damel *flowchart*. *Flowchart* utawi *konsep urut-urutanipun damel media (diagram alur)* ingkang sampun kadamel menika dipunandharaken kanthi *story board* ingkang ngewrat wedharan *materi* pasinaon.

Saksampunipun damel *desain media*, panaliti nindakaken *tataran development/ mujudaken media*. Wonten ing *tataran menika, story board* ingkang sampun dipundamel wonten ing *tataran* sakderengipun dipuncakaken dhateng *program web*. Lajeng *produk media* pasinaon ingkang sampun dados dipunsuwunaken *validasi kualitas media* saking *dosen ahli materi* saha *dosen ahli media*. *Validasi* menika dipuntindakaken kanthi 2 tahap. Biji saha pamanggih saking *dosen ahli* ngengingi *kualitas media* dipundadosaken dhasar kangge panaliti mujudaken *revisi media* ingkang dipuntindakaken dumugi *produk media* menika sampun pikantuk pasarujukan kangge *uji coba* dhateng sekolah.

Saksampunipun *produk media* pasinaon dipunsarujuki *layak uji coba* dening *dosen ahli materi* saha *dosen ahli media*, panaliti nindakaken *uji coba (implementation)* ngginakaken *media* menika wonten sekolah. Saderengipun *media* menika dipunginakaken kangge *uji coba* ing kelas, panaliti nyuwun pasarujukan dhateng guru basa Jawi. Nalika sampun pikantuk pasarujukan

saking guru basa Jawi, panaliti miwiti *uji coba produk media* pasinaon ing kelas kanthi nedahaken cara ngginakaken *produk media* tumrap guru saha siswa. *Uji coba media* dipuntindakaken ing SMP N 4 Wates.

Wonten ing *tataran evaluasi (evaluation)*, panaliti nindakaken *evaluasi produk media* adhedahasar biji saha pamrayogi saking *dosen ahli materi, dosen ahli media*, guru saha siswa. Biji saha pamrayogi menika dipuntingali sampun jumbuh menapa dereng kaliyan ancasipun damel *media* pasinaon.

## D. ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGAN

### 1. *Tataran Damel Media Pasinaon Maos Ukara mawi Aksara Jawa*

*Media* pasinaon *basis web* wonten ing pasinaon maos ukara mawi aksara Jawa ingkang sampun dipundamel wonten ing panaliten menika dipunjumbuhaken kaliyan tata cara damel *media* miturut larah-larahan ingkang sampun dipuntemtokaken. Larah-larahan kasebut dipuntindakaken kanthi urut wiwit saking *tataran analisis, tataran damel desain media, tataran damel media, tataran uji coba*, saha *tataran evaluasi media*. Rantamaning damel *media* pasinaon kaandharaken kados ing ngandhap menika.

#### a. *Analysis (Tataran Analisis)*

Tahap *analysis* minangka tahap wiwit ingkang dipuntindakaken saderengipun *produk* dipundamel.

Tahap *analysis* menika kaperang dados kalih inggih menika *analysis kurikulum* saha *analysis kawontenan siswa SMP N 4 Wates*. Wonten ing *tahap analysis kurikulum*, panaliti maos saha mangertosi *kurikulum* ingkang dipunginakaken wonten ing pasinaon basa Jawi ing sekolah kasebut. Saksampunipun nganalisis *kurikulum* lajeng dipunpanggihi *Kompetensi Inti: Mencoba, mengolah, dan menyaji dalam ranah konkret (menggunakan, mengurai, merangkai, modifikasi dan membuat) dan ranah abstrak (menulis, membaca, menghitung, menggambar dan mengarang)* sesuai dengan yang dipelajari di sekolah dan sumber lain yang sama dalam sudut pandang/teori.

Kangge njangkepi *data analisis karakter* siswa, dipuntindakaken wawancara kaliyan Ibu Bety Mahara Setyawati, S.Pd. minangka guru basa Jawi wonten ing SMP N 4 Wates. Miturut Ibu Bety Mahara Setyawati, S.Pd., kahananipun siswa menika kirang nguwaosi aksara Jawa. Kaping kalih, miturut siswa kelas 8F inggih menika Rizky Nanda aksara Jawa menika awrat, kirang narik kawigatosan saha kina.

Prekawis-prekawis ingkang tuwuuh inggih menika, saperangan siswa boten nggatosaken nalika guru ngandharaken *materi* maos aksara Jawa saha wonten saperangan siswa ingkang dereng nguwaosi *materi* aksara Jawa. Adhedhasar prekawis menika, saklajengipun panaliti rembagan kaliyan guru basa Jawi. Kanthi rembagan menika, dipuntemtokaken bilih badhe kadamel *media* pasinaon *basis web* kanthi ngginakaken *aplikasi CMS Wordpress*.

*Media* pasinaon kasebut dipunajab saged narik kawigatosan

siswa saha saged dipunginakaken minangka *alternatif media* pasinaon maos ukara mawi aksara Jawa. *Media* menika ugi saged dipunginakaken wonten pasinaon ing sekolah menapa dene sinau piyambak wonten ing griya.

#### **b. Design (Tataran Damel Desain Media Pasinaon)**

Tahap saklajengipun ingkang dipuntindakaken inggih menika damel *design produk media* pasinaon. Wonten *tahap* menika, panaliti nemtokaken *design produk* kangge nemtokaken isinipun *media* pasinaon. *Tahap* ingkang sepisan dipunlampahi inggih menika dipuntindakaken kanthi ngempalaken *sumber pustaka* ingkang badhe dipundadosaken *sumber materi* maos ukara mawi aksara Jawa. Saklajengipun *materi* dipunrantam saking perangan pangertosan saha caranipun maos ukara mawi aksara Jawa.

*Sumber pustaka* ingkang sampaun dipunkempalaken, lajeng dipundamel dados *materi* maos ukara mawi aksara Jawa saha dipundamel *flowchart*. Wosing *flowchart* kasebut ngewrat *konsep penyajian menu* pasinaon. *Flowchart* lajeng dipunwujudaken dados *naskah media* pasinaon ingkang ngewrat wedharan *halaman utama media, kompetensi, materi* aksara Jawa saha caranipun maos ukara mawi aksara Jawa, gladhen, kapustakan saha *profil*.

Saklajengipun, panaliti nemtokaken wujud *halaman utama, kompetensi, materi, gladhen, kapustakan* saha *profil*. *Halaman utama* ngewrat gambar saha gendhing Jawi supados saged narik greget ingkang mirsani. *Kompetensi* ngewrat *kompetensi inti, kompetensi*

*dasar, saha indikator materi maos ukara mawi aksara Jawa. Materi dipunperang dados mapinten-pinten submateri, inggih menika materi aksara Jawa saha materi caranipun maos ukara mawi aksara Jawa. Gladhen dipunperang dados 3 inggih menika, gladhen 1 ngenggingi transliterasi aksara Jawa dados aksara Latin, gladhen 2 ngenggingi nyusun ukara aksara Jawa, saha gladhen 3 ngenggingi bab maos saha nyusun ukara mawi aksara Jawa dados cariyos ingkang jangkep. Menu kapustakan ngewrat sumber pustaka ingkang dipunginakaken kange materi wonten ing media menika. Profil ngewrat profilipun panganggit saha dosen pembimbing.*

#### **c. Development (Tataran Mujudaken Media Pasinaon)**

Adhedhasar naskah media menika saklajengipun dipundamel media pasinaon maos ukara mawi aksara Jawa kanthi basis web. Tahap damel media dipunwiwiti kanthi cara damel subdomain wonten ing *reviewzi.com*. Saklajengipun nemtokaken nama subdomain kanthi *ines.reviewzi.com*. Saksampunipun nemtokaken nama subdomain lajeng damel database. Kadosta aplikasi CMS sanesipun, *wordpress* ugi mbetahaken database wonten ing server supados situs menika saged dipunakses kanthi sae. Kanthi *nginstall XAMPP* lajeng damel database wonten ing local server, saksampunipun damel database samanika mlampah wonten ing tahap saklajengipun inggih menika kanthi *nginstall wordpress*. Saksampunipun *wordpress* dipuninstall, lajeng log in rumiyin minangka admin.

Saksampunipun media pasinaon maos ukara mawi aksara Jawa

kanthi basis web menika kawujud. Tahap ingkang dipuntindakaken saklajengipun inggih menika validasi saha uji coba media pasinaon. Validasi menika mbetahaken dosen ahli materi saha dosen ahli media. Dosen ahli materi wonten ing panaliten menika inggih menika Sri Harti Widyastuti, M.Hum. Ewadene dosen ahli media wonten ing panaliten menika inggih menika Avi Meilawati, S.Pd. M.A.

Tahap validasi dipuntindakaken kange paring evaluasi tumrap kualitas media pasinaon saha tretripun materi. Adhedhasar pamrayogi saha panyaruwe dosen ahli media saha dosen ahli materi, pramila media menika kedah dipunrevisi supados pikantuk pambiji kelayakan media kange dipuncobi wonten ing sekolah. Revisi dipuntindakaken 2 tahap. Tahap sapisan dados dhasar anggenipun panaliti ngasilaken produk revisi I. Biji saha pamrayogi saking dosen ahli materi saha ahli media menika, dipundadosaken dhasar kange panaliti damel revisi media. Revisi menika dipunginakaken panaliti kange ngasilaken produk media pasinaon ingkang langkung sampurna.

Saksampunipun produk revisi I dipundamel, produk revisi menika dipunsuwunaken validasi tahap II dhateng dosen ahli. Wonten ing validasi tahap II panaliti nyuwun pambiji saha pamrayogi malih dhateng dosen ahli materi saha dosen ahli media. Validasi dipunsuwunaken dumugi dosen ahli nyarujuki produk media kange uji coba wonten ing sekolah.

#### **d. Implementation (Tataran Uji Coba)**

Adhedhasar *tahapan* damel *media* ingkang sampun dipuntindakaken saha ngasilaken *produk media* pasinaon *interaktif* maos ukara mawi aksara Jawa awujud *web*. Saklajengipun *tahap* ingkang dipuntindakaken inggih menika, *uji coba media* pasinaon dhateng siswa. *Media* menika dipunsuwunaken pambiji dumateng guru basa Jawi inggih menika Ibu Bety Mahara Setyawati, S. Pd. *Uji coba* dipuntindakaken dhateng siswa kelas VIII A. Pambiji guru basa Jawi saha *uji coba* tumrap siswa menika, dipunginakaken kangge ngempalaken *data minangka dhasar nemtokaken tataran keefektivan* saha *kemenarikan media* pasinaon ingkang dipundamel.

Pambiji saha pamanggih saking guru basa Jawi menika sae. *Media* menika saged paring pambiyantu dhateng guru. *Media* menika nggampilaken guru ngandharaken *materi*. Wondene pamanggih saking siswa, *media* menika saged narik kawigatosan. Satemah saged nambah greget siswa anggenipun sinau maos ukara mawi aksara Jawa.

#### e. Evaluation (Evaluasi Media Pasinaon)

Wonten ing *tataran* menika, panaliti nindakaken *analisis kualitas produk media* pasinaon. *Analisis* menika dipuntindakaken adhedhasar biji saking *angket* nalika *tataran validasi* saha *uji coba*. Cacahing biji *angket* ing panaliten menika nalika *validasi* saha *uji coba* kagolong sae sanget. Kahanan menika, nedahaken bilih *produk media* pasinaon ingkang dipundamel dening panaliti sampun nggayuh ancas pandameling *produk media*. *Media* menika saged

nyengkuyung pasinaon maos ukara mawi aksara Jawa. Pamanggih guru saha siswa SMP kelas VIII ngengingi *kualitas media* ugi nedahaken bilih *media* pasinaon ingkang dipundamel sampun saged nggayuh ancas pandameling *media* pasinaon.

#### 2. Kualitas Media Pasinaon

*Kualitas media* pasinaon maos ukara mawi aksara Jawa menika saged dipunmangertosi saking asiling *validasi dosen ahli materi* saha *dosen ahli media*. *Dosen ahli materi* wonten ing panaliten menika inggih menika Ibu Sri Harti Widayastuti, M. Hum. Wondene *dosen ahli media* wonten ing panaliten menika, inggih menika Ibu Avi Meilawati, S.Pd. M.A. Andharan saking *kualitas media* pasinaon maos ukara mawi aksara Jawa kados wonten ing ngandhap menika.

##### a. Validasi Dosen Ahli Materi

*Validasi* dening *dosen ahli materi* tumrap *media* pasinaon ingkang dipundamel inggih menika, kangge paring pambiji saha pamrayogi tumrap andharan *materi* wonten ing salabeting *media* pasinaon. *Validasi* menika dipuntindakaken kanthi cara nyaosaken *media* pasinaon maos ukara mawi aksara Jawa. Saklajengipun *media* menika dipunpirsani saha dipunevaluasi bab ingkang kirang trep. Lembar *angket evaluasi* dipuncaosaken kangge ngandharaken perangan-perangan ingkang kedah dipunbiji. Pamrayogi saking *dosen ahli materi* dipunginakaken minangka dhasar kangge ndandosi utawi *revisi media*.

*Dosen ahli materi* minangka *validator materi* inggih menika Ibu Sri Harti Widayastuti, M. Hum.

Panjeneganipun minangka *dosen pengampu mata kuliah* sastra, budaya saha filologi wonten ing *prodi* Pendidikan Bahasa Jawa, *jurusan* Pendidikan Bahasa Daerah, Universitas Negeri Yogyakarta. Ibu Sri Harti Widayastuti, M. Hum menika dipunraos mumpuni dados *validator materi*, amargi *materi* maos ukara mawi aksara Jawa wonten ing salabeting *media* jumbuh kaliyan *bidang keahlianipun*.

*Validasi* dening *dosen ahli materi* menika dipuntindakaken dumugi *media* pasinaon kasebut *layak* dipunujicoba. *Validasi* dening *dosen ahli materi* menika katindakaken mawi 2 *tahap* inggih menika perangan piwulang ingkang kaperang dados 10 *indikator* pambiji, saha 8 *indikator* pambiji saking perangan leresipun isi.

### b. *Validasi Dosen Ahli Media*

*Validasi* dening *dosen ahli media* tumrap *media* pasinaon ingkang sampun dipundamel inggih menika kangege paring pambiji saha pamrayogi tumrap *kualitas tampilan media*. *Validasi* menika dipuntindakaken kanthi cara nyaosaken *media* pasinaon maos ukara mawi aksara Jawa supados dipunpirsani saha dipunevaluasi bab ingkang kirang trep sarta nyaosaken lembar *angket evaluasi* ingkang ngandharaken perangan-perangan ingkang kedah dipunbiji. Pamrayogi saking *dosen ahli media* dipunginakaken minangka dhasar kangege ndandosi utawi *revisi media* satemah saged ngasilaken *produk media* ingkang *kualitasipun* sae.

*Dosen ahli media* minangka *validator media* inggih menika Ibu Avi Meilawati, S.Pd,M.A. Panjeneganipun minangka *dosen*

*pengampu mata kuliah* ingkang gayut kaliyan pendidikan wonten ing *prodi* Pendidikan Bahasa Jawa, *jurusan* Pendidikan Bahasa Daerah, Universitas Negeri Yogyakarta, pramila jumbuh bilih dipundadosaken *validator dosen ahli media* wonten ing panaliten menika. *Validasi* dening *dosen ahli media* menika dipuntindakaken dumugi *media* pasinaon kasebut *layak* dipunujicoba. *Validasi* dening *dosen ahli media* menika katindakaken mawi 2 *tahap* inggih menika *validasi tahap I* saha *validasi tahap II*.

*Validasi* ingkang katindakaken dening *dosen ahli media* dipunperang dados 2 inggih menika, perangan *tampilan* ingkang kaperang dados 10 *indikator* pambiji saha 9 *indikator* pambiji saking perangan *pemrograman*.

### 3. Asiling Pambiji saha Pamrayogi saking Guru Basa Jawi saha Siswa SMP Kelas VIII

#### a. Pambiji saha Pamrayogi dening Guru Basa Jawi tumrap *Media Pasinaon* saha Siswa SMP Kelas VIII

Pambiji *kualitas media* pasinaon dening guru basa Jawi dipuntindakaken kangege ngukur *kualitas media* pasinaon saking perangan leresipun *konsep* saha *kompetensi* sarta perangan *kualitas tampilan*. Pambiji *kualitas media* pasinaon dening guru basa Jawi dipuntindakaken saksampunipun *validasi* saha pasarujukan *uji coba* dening *dosen ahli materi* saha *dosen ahli media*. Pambiji *kualitas media* pasinaon kasebut dipuntindakaken dening ibu Bety Mahara Setyawati,

S.Pd minangka guru basa Jawi saking SMP N 4 Wates.

Guru paring pambiji nalika *proses uji coba* lumampah. *Proses validasi* dening guru basa Jawi menika sesarengan kaliyan *uji coba media* dening siswa kelas VIII A. Guru saged mirsani kanthi langsung panganggenipun *media* wonten ing *proses pasinaon*. Guru basa Jawi menika maringi biji *media* saking 2 perangan inggih menika perangan leresipun *konsep* saha *kompetensi* sarta perangan *kualitas tampilan*.

**b. Pamanggih siswa tumrap  
*Kualitas Media Pasinaon Maos  
Ukara mawi Aksara Jawa  
kanthi Basis Web.***

*Uji coba media* pasinaon maos ukara mawi aksara Jawa dipuntindakaken saksampunipun *validasi dosen ahli materi* saha *dosen ahli media* sarta sampun dipunsarujiki bilih *media* sampun layak dipunujicoba. *Uji coba media* dipuntindakaken kangge mangertosi pamanggih siswa babagan *kualitas media* pasinaon menika. Saklajengipun dipuntindakaken *evaluasi kualitas media* dening siswa SMP N 4 Wates kelas VIII A ingkang gunggungipun 27 siswa.

Siswa dipundampingi panaliti kangge miwiti ngginakaken *media* pasinaon maos ukara mawi aksara Jawa. *Tahap uji coba* dipunwiwitni kanthi nyameptakaken *komputer*, saklajengipun mbikak *web* maos ukara mawi aksara Jawa kanthi alamat [ines.reviewzi.com](http://ines.reviewzi.com). Saksampunipun cumawis sedaya, panaliti ngandharaken kadospundi cara ngginakaken *media*, maringi tuladha caranipun ngginakaken, sarta ngandharaken *materi* pasinaon maos ukara mawi aksara Jawa mawi *LCD*. Wiwit saking maringi ngertos

alamat *web*, pitedah panggenipun *media*, *kompetensi*, dumugi *menu materi* maos ukara mawi aksara Jawa. Saklajengipun siswa kelas VIII A sami ngginakaken *media* wonten *komputeripun* piyambak-piyambak.

Saklajengipun siswa dipundhawuhi ngisi saha nyerat pamrayogi wonten ing lembar *evaluasi awujud angket*. Kanthi menika saged dipunmangertosi kadospundi pamanggih siswa tumrap *media* pasinaon maos ukara mawi aksara Jawa kanthi *basis web*. Pamanggih siswa tumrap *kualitas media* pasinaon maos ukara mawi aksara Jawa kanthi *basis web* ngewrat 4 perangan, inggih menika perangan gampilipun mangertosi *media* saha *materi*, perangan *kemandirian* sinau, perangan *penyajian media*, saha perangan *pengoperasian media*.

**1) Perangan Gampilipun Mangertosi *Media* saha *Materi***

Adhedhasar tabel 29 wonten ing nginggil menika, *persentase media* ngengengi *indikator* kanthi *media web* siswa saged pikantuk seserepan ingkang langkung gampil ngengengi bab maos ukara mawi aksara Jawa pikantuk biji  $123/135 \times 100\% = 91,1\%$ , kagolong sarujuk sanget. Wondene pamanggihipun siswa kanthi *indikator* saged nambah gregetipun siswa supados remen sinau maos ukara mawi aksara Jawa pikantuk biji  $123/135 \times 100\% = 88,1\%$ , kagolong sarujuk sanget.

*Indikator media* menika gampil dipunginakaken pikantuk biji  $123/135 \times 100\% = 92,6\%$ , kagolong sarujuk sanget. Wondene *indikator* saksampunipun sinau kanthi ngginakaken *media* pasinaon menika siswa saged maos ukara

mawi aksara Jawa kanthi lancar pikantuk biji  $107/135 \times 100\% = 79,3\%$ , kagolong sarujuk sanget. Saklajengipun *indikator* gladhen utawi pitakenan wonten ing *media* pasinaon saged nuntun siswa kangge mangertosi *materi* pikantuk biji  $118/135 \times 100\% = 87,4\%$ , kagolong sarujuk sanget.

Kangge mangertosi pamanggihipun siswa bab gampilipun mangertosi *media* saha *materi* saged dipuntingali saking rata-rata *persentase indikator*  $438,5/500 \times 100\% = 87,7\%$ , kagolong sarujuk sanget. Kahanan menika nedahaken bilih kanthi ngginakaken *media* pasinaon menika, saged nggampilaken siswa anggenipun mangertosi *materi* maos ukara mawi aksara Jawa.

## 2) Perangan Kemandirian Sinau

Adhedhasar tabel 30 wonten ing nginggil menika, *persentase media* ngengengi *indikator media* pasinaon menika maringi kalodhangan siswa supados sinau kanthi mandhiri pikantuk biji  $110/135 \times 100\% = 81,5\%$ , kagolong sarujuk sanget. Wondene pamanggihipun siswa kanthi *indikator media* pasinaon menika saged nggampilaken anggenipun ngambali nyinau *materi* pikantuk biji  $123/135 \times 100\% = 91,1\%$ , kagolong sarujuk sanget.

*Indikator media* saged dipunakses wonten ing pundi kemawon pikantuk biji  $124/135 \times 100\% = 92\%$ , kagolong sarujuk sanget. Saklajengipun *indikator media* saged dipunginaken kangge sinau piyambak wonten ing pundi kemawon pikantuk biji  $/135 \times 100\% = 92\%$ , kagolong sarujuk sanget.

Kangge mangertosi pamanggihipun siswa bab perangan *kemandirian* sinau, saged

dipuntingali saking rata-rata *persentase indikator*  $356,6/400 \times 100\% = 89,2\%$ , kagolong sarujuk sanget. Tegesipun, bilih *media* pasinaon maos ukara mawi aksara Jawa menika saged dipunginakken minangka sarana kangge sinau mandhiri tumrap siswa, satemah siswa saged *aktif* wonten ing pasinaon maos ukara mawi aksara Jawa.

## 3) Perangan Penyajian Media

Adhedhasar tabel 31 wonten ing nginggil menika, *persentase media* ngengengi *indikator teks* utawi seratan wonten ing *media* menika katingal cetha saha gampil dipunwaos pikantuk biji  $125/135 \times 100\% = 92,6\%$ , kagolong sarujuk sanget. Wondene *indikator materi* ingkang dipunandharaken kanthi basa ingkang prasaja satemah gampil dipunmangertosi pikantuk biji  $112/135 \times 100\% = 83\%$ , kagolong sarujuk sanget. *Indikator materinipun* gampil dipunsinau pikantuk biji  $121/135 \times 100\% = 89,6\%$ , kagolong sarujuk sanget.

Wonten ing *indikator tampilan web* narik kawigatosan pikantuk biji  $127/135 \times 100\% = 94\%$ , kagolong sarujuk sanget. *Indikator anggenipun* ngatur *komposisi* warni saha papanipun *teks* sampaun trep pikantuk biji  $110/135 \times 100\% = 81,5\%$ , kagolong sarujuk sanget. Saklajengipun *indikator backsound* utawi musik ingkang ngiringi narik kawigatosan, satemah siswa saged ngraosaken remen nalika sinau ngginakaken *media* menika pikantuk biji  $108/135 \times 100\% = 80\%$ , kagolong sarujuk sanget.

Kangge mangertosi pamanggihipun siswa perangan *penyajian media*, saged dipuntingali saking rata-rata *persentase*

$438,5/500 \times 100\% = 86,8\%$ , kagolong sarujuk sanget. Tegesipun, siswa sarujuk sanget bilih *penyajian media* ingkang dipunwujudaken arupi *web* menika narik kawigatosan siswa. Babagan kasebut saged dipunpriksani saking *tampilan media* kados dene, *komposisi warni*, gambar saha *animasi*, swanten, seratan, saha *layer* ingkang maneka warni.

#### 4) Perangan *Pengoperasian Media*

Adhedhasar tabel 32 wonten ing nginggil menika, *persentase media ngengingi indikator* pitedah ngoperasikaken *web* gampil dipunmangertosi pikantuk biji  $124/135 \times 100\% = 92\%$ , kagolong sarujuk sanget. Wondene *indikator ngoperasikaken web* gampil dipunmangertosi pikantuk biji  $124/135 \times 100\% = 92\%$ , kagolong sarujuk sanget.

Pamanggihipun siswa kanthi *indikator tombolipun* gampil dipunmangertosi pikantuk biji  $125/135 \times 100\% = 92,6\%$ , kagolong sarujuk sanget. Saklajengipun *indikator media* pasinaon awujud *web* boten mbetahahekn *spesifikasi* ingkang inggil saengga saged dipunakses wonten ing pundi kemawon pikantuk biji  $120/135 \times 100\% = 88,9\%$ , kagolong sarujuk sanget.

Kangge mangertosi pamanggihipun siswa perangan *pengoperasian media*, saged dipuntingali saking rata-rata *persentase indikator*  $365,5/400 \times 100\% = 91,4\%$ , kagolong sarujuk sanget. Tegesipun, siswa saged ngginakaken *media* pasinaon maos ukara mawi aksara Jawa menika kanthi gampil tanpa pambiyantu saking tiyang sanes amargi *media* pasinaon menika sampun

dipunjangkepi kaliyan pandom panganggenipun *media* saha pitedah nggarap gladhen. Kajawi makaten, *tombol-tombol* ingkang cumawis cetha saha gampil dipunginakaken.

#### E. PANUTUP

*Panaliten* ingkang dipuntindakaken kalebet jinis panaliten *Pengembangan* utawi *Research and Development (R&D)*. Adhedhasar asiling panaliten saha pirembaganipun, saged dipunpendhet dudutan:

*Cara damel media* pasinaon maos ukara mawi aksara Jawa kanthi *basis web* ing panaliten menika wonten gangsal *tahap* inggih menika: *tahap analisis* inggih menika nganalisis *kurikulum* saha *obeservasi* kawontenan siswa SMP, *tahap design* inggih menika *tahap damel desain media* ingkang mujudaken *flowchart* saha *story board*, *tahap development* inggih menika *tahap damel media* kanthi mujudaken *media* dhateng *web*, saklajengipun *media* ingkang sampun kadamel menika dipunvalidasi saha dipunrevisi jumbuh kaliyan pamrayogi dening *dosen ahli materi* saha *dosen ahli media*, *tahap implementation* inggih menika *ujicoba* dhateng guru basa Jawi saha siswa, *tahap evaluation* inggih menika *tahap* ingkang nemtokaken *media* menika *layak* dipunginakaken wonten ing pasinaon.

*Validasi kualitas media* pasinaon maos ukara mawi aksara Jawa kanthi *Aplikasi CMS Wordpress* katindhakaken dening *dosen ahli materi* saha *dosen ahli media*. Biji *kualitas media* saking *dosen ahli materi* pikantuk *persentase* 88% ingkang kagolong sae sanget. Biji *kualitas media* saking *dosen ahli*

*media* pikantuk *persentase* 80% ingkang kagolong sae.

Pambiji *kualitas media* pasinaon maos ukara mawi aksara Jawa dening guru basa Jawi pikantuk *persentase* 94% ingkang kagolong sae sanget. Biji adhedhasar saking sedaya angket pamanggih siswa tumrap media pasinaon maos ukara mawi aksara Jawa pikantuk *persentase* 88,8% ingkang kagolong sarujuk sanget.

Media pasinaon maos ukara mawi aksara Jawa kanthi *basis web* ingkang dipundamel saged dipunginakaken minangka *inovasi* piwulangan ingkang ngenut majengipun jaman saha *teknologi*. Wontenipun *media* pasinaon menika ndadosaken piwulangan basa Jawi menika langkung dipunremini siswa. Satemah pirantos menika saged mindhakaken *motivasi* siswa anggenipun sinau basa Jawi. *Konsep media* ingkang dipundamel njalari siswa saged sinau piyambak kanthi *mandhiri*.

Adhedhasar *validasi kualitas media* dening *dosen ahli materi, dosen ahli media*, guru basa Jawi saha pamanggih siswa, *media* pasinaon ingkang sampun dipundamel kagolong sae sanget. Pramila *media* pasinaon ingkang dipundamel menika *layak* dipunginakaken minangka sarana pasinaon.

## KAPUSTAKAN

Arsyad, Azhar. 2003. *Media Pembelajaran*. Jakarta: PT Raja Grafindo Persada.

Emanuel, Andi. Timotus Witono. Wilfridus Bambang. 2008. *Cara Praktis Membangun Teknologi Open Source*. Yogyakarta: Graha Ilmu

Mulyani, Hesti. 2011. *Komprehensi Tulis Jawa*. Yogyakarta: UNY

Pujriyanto. *Teknologi untuk Pengembangan Media dan Pembelajaran*.

2012. Yogyakarta: UNY Press  
Sadiman, Arief S. dkk. 2003. *Media Pendidikan: Pengertian, Pengembangan dan Pemanfaatannya*. Jakarta: PT Raja Grafindo Persada2003

Non buku:

Jakarta : Depdikbud  
Mulyatiningsih, Endang. 2011. Pengembangan Model Pembelajaran. <http://staff.uny.ac.id/sites/default/files/pengabdian/dra-endang> mulyatiningsihmpd/7cpengembangan-model-pembelajaran.pdf.  
Dipununduh 23 Agusust 2015.